



Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AGRANDISMAN BAK USA T AP FÈ NAN REJYON LWÈS NEW YORK LA FINI

***Fabrikan Òdinatè Mobil ki Baze nan Buffalo sa a te ajoute 65 Nouvo Djòb;  
Yo Espere Ogmante Mendèv la jiska 100 avan 2018***

***W ap ka Wè Foto Bak USA yo [Isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse agrandisman syèj global Bak USA a, ki se youn nan premye konpayi Ameriken ki fabrike pwòp tablèt elektwonik mak pa li a, fini. Lè Bak USA te ouvri pòt li an 2015, li te anplwaye sèlman 15 moun nan etablisman li an nan zòn lès (East Side) Buffalo a. Depi lè sa a, konpayi a te agrandi pou l vin gen 80 anplwaye a tan plen epi yo espere ogmante mendèv yo jiska 100 anplwaye avan 2018. Bak USA travay ak ajans lokal yo ak lidè global yo pou yo fabrike òdinatè pou lekòl, biznis, ak ajans gouvènmantal toupatou nan mond lan yo.

“Buffalo te vin tounen yon lidè nan manifakti teknoloji avanse epi nouvo agrandisman Bak USA ki fenk fini nan kè vil la vle di pral gen nouvo djòb, plis aktivite ekonomik ak plis elan pou yon rejyon ki deja sou mouvman.” **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Agrandisman reyisi Bak USA nan Rejyon Lwès New York la se yon lòt egzanp ankò ki montre konpayi yo ap vin etabli nan New York epi yo vini pou yo rete isit la pou yo devlope biznis yo nan eta nou an.”

Agrandisman 10,000 pye kare sa a, ki kouvri katyèm etaj bilding Compass East la nèt nan 425 Michigan Avenue an, reflekte kapasite Bak USA genyen pou l agrandi ak pou l ofri pwodwi l yo. Yo pral itilize nouvo espas la kòm yon atelye pwodwi ki gen ladan konsepsyon, jeni, depo, asanblaj ak asirans kalite pou pwodwi yo. Konsepsyon espas la gen ladan yon estasyon travay pèsonalize pou konstriksyon alamen, yon sal konferans an glas soti atè rive nan plafon, ak anpil nouvo zouti pwodiksyon.

“Agrandisman Bak USA fè nan syèj li a se yon lòt sij ki montre Buffalo ap anbrase ekonomi 21èm syèk la antanke yon sant pou inovasyon ak teknoloji,” **Gouvènè Adjwen Hochul te di.** “Li kanpe tou kòm yon egzanp estrateji global Gouvènè Cuomo a, ki se pou l kreye djòb lè li retire baryè pou konpayi ki fenk ap parèt yo epi rantabilize nouvo

investisman atravè patenarya piblik ak prive yo. Antanke yon moun ki te vizite Bak USA epi ki te wè ak pwòp je li tout sa yo ap ofri, mwen rekonesan de angajman yo pran anvè Rejyon Lwès New York la, epi mwen kontan anpil yo te atenn gran etap sa a.”

“Jodi a nou fyè pou nou rekonèt tout pwogrè nou te fè nan yon ti bout tan kout konsa,” **Ulla Bak, ki se Prezidan ak KoFondatè Bak USA a te di.** “A pèn kèk ane pase, pèsonn pa te di nou t ap ka fabrike òdinatè Ozetazini, epi kounye a nou ka rele Buffalo lakay nou, nou ap montre lemond antye wi, li posib. Epi pandan nou ap kontinye devlope, nou swete Buffalo ak Bak USA pral sèvi kòm egzanp ki montre ak kisa manifakti ka sanble nenpòt lòt kote nan mond lan.”

Bak USA, ki se yon konpayi STARTUP-NY, te kòmanse bay premye anplwaye li yo fòmasyon 1e Desanm 2014 epi kounye a yo fabrike twa diferan tip òdinatè pòtab: Atlas 12, ki se yon laptop 2-an-1 - yo fabrike pou lekòl primè ak segondè yo (K-12 schools); Seal, ki se yon tablèt mobil rezistan pou sèvis sou tèren; ak Bak Board, ki se tablèt orijinal Bak USA a. Tout òdinatè Bak USA yo te konstwi nan yon anviwonman asanblaj ki sekirize, pwòp ki gen vi panoramik orizon vil la.

Pou devlope nouvo pwosesis manifakti avanse konpayi an, Bak USA te fè patenarya ak Travay Manifakti Buffalo (Buffalo Manufacturing Works, BMW), EWI ap jere l, ak konpayi Insyte Consulting yo. BMW, ki fè pati Plan Devlopman Investisman Buffalo Billion lan (Buffalo Billion Investment Development Plan), te angaje fabrikant toupatou nan Amerik Dinò a yo pou ede yo devlope ak mete an aplikasyon teknoloji manifakti depwent yo, amelyore pwodiktivite, epi jwenn lòt fason pou devlope konpayi yo.

Yo te devlope robo kolaboratif yo, oswa “cobots yo,” avèk èd BMW epi yo pral itilize yo pou senplifye pwosesis asanblaj pou konstriktè Bak USA yo lè yo elimine kèk nan mouvman etap repetitif yo ki ka mete anpil estrès fizik pou moun yo.

**PDG Buffalo Manufacturing Works la, Michael Ulbrich te di,** “Bak USA antèt pwent demonstrasyon ki ap montre kijan fabrikant yo reyisi entegre otomatizasyon avanse, nan ka sa a robo kolaboratif ki gen de men yo, nan anviwonman pwodiksyon yo pou amelyore ak agrandi mendèv yo. Se yon onè pou m travay nan yon konpayi ki alafwa akse sou inovasyon epi ki gen espri kominotè. Bak USA ap pwouve ou ka rantabilize teknoloji pou w konstwi yon biznis manifakti pwospè nan kè vil la.”

**Benjamin Rand, Prezidan Insyte Consulting lan te di,** “Ekip Bak USA a vrèman egzanplifye kijan yon konpayi ka reyisi inovasyon ak devlope nan Rejyon Lwès New York la. Ekip nou an te santi nou onore pou nou te kontribiyè espesyalite etablisman nou an genyen nan konfigirasyon pou optimize nouvo lokalite yo a. Pwojè sa a se yon bèl egzanp ki montre kijan patenarya avèk Buffalo Manufacturing Works ka sipòte vizyon estratejik yon kliyan ki nan domèn manifakti a.”

**Howard Zemsky, ki se Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development la te di,** “Nan sèlman dezan, Ulla ak J.P. Bak te reyisi devlope konpayi yo a soti nan yon nouvo konpyi ki fenk ap parèt rive nan anplwa anpil douzèn Nouyòkè nan Rejyon Lwès la yo, pandan l ap konsantre l sou kreyasyon opòtinite siyifikatif pou manm kominote ki

tipikman majinalize yo. Avèk sipò Gouvènè Cuomo, Bak USA ap atenn objektif li yo, l ap konstwi solisyon teknoloji avanse, epi jwenn siksè ak yon mendèv lokal ki fidèl epi ki plen talan.”

**Senatè Tim Kennedy te di,** “Depi lè yo te ankre syèj yo a nan Buffalo, Bak USA te fè plis efò pase devwa yo pou yo investi non sèlman nan sektè manifakti vil la, men tou nan mendèv nou an. JP ak Ulla se egzanp ki montre pwopriyetè biznis ki gen siksè k ap pwofite de benefis START-UP NY yo, kreye opòtinite ak etabli yon relasyon kolaboratif avèk kominote a. Avèk agrandisman sa a, mwen pa gen okenn dout konpayi sa a pral kontinye pote bon jan djòb ki byen peye nan zòn lès Buffalo a, epi kenbe djòb la yo isit la nan Rejyon Lwès New York la kote yo dwe ye.”

**Manm Asanble Peoples-Stokes te di,** “Jodi a mete aksan sou elan devlopman ekonomik nan Zòn Lès Buffalo a. Mwen felisite Bak USA sou misyon angajman sosyal yo genyen pou pote teknoloji nan pati ki bezwen nan mond lan pandan l ap bay opòtinite travay lokal ki nesèsè tou. Jodi a imigran, refije, ak rezidan defavorize nou yo bezwen nou elve espri yo epi pa majinalize yo. Kolaborasyon Buffalo Manufacturing Works la mete aksan sou estrateji devlopman ekonomik entegre reyisi Gouvènè Cuomo a. Mwen aplodi Bak USA pou agrandisman yo a ak siksè alavni nan mache aparèy elektwonik lan.”

**Egzekitif Konte Erie a Mark Poloncarz te di,** “Gras a Bak USA, li pa enkonsewab ankò pou w panse yo kapab fabrike òdinatè tablèt nan Konte Erie, oswa mendèv lokal nou an ka jwe yon wòl kle konsa a nan devlopman rapid konpayi an. Agrandisman syèj Bak USA HQ a isit la menm nan Vil Buffalo a se yon bòn nouvèl pou tout konte a nèt, ak reyafimasyon sou kisa ki ka fèt lè moun ki pran angajman yo kwè nan sa yo ap fè yo epi travay pou yo reyisi. Mwen remèsye epi m felisite JP, Ulla ak Christian Bak pou agrandisman sa a epi mwen atann pou pi plis ane siksè ankò pou Bak USA isit la menm nan Konte Erie a.”

**Majistra Buffalo a Byron Brown te di,** “Nou rekonesan Bak USA te chwazi Buffalo pou rann li vinn tounen lakay yo kote yo te mete syèj prensipal yo kèk ane pase epi anons agrandisman jodi a se plis bòn nouvèl ankò pou vil nou an. Mwen remèsye J.P. ak Ulla Bak pou angajman pataje nou genyen pou nou devlope Buffalo pou l vin tounen yon vil opòtinite kote tout moun ka pwospere akòz de relansman siyifikatif Vil la. Bak USA founi teknoloji mobil abòdab bay sila yo ki plis nan bezwen yo epi mwen remèsye konpayi a paske l montre li pran yon angajman pwofon pou l anboche yon mendèv divèsifye epi paske yo te chwazi Buffalo kòm meyè kote pou yo plis devlope biznis yo a.”

### **Enfòmasyon sou Bak USA**

Bak USA (li pwononse “Back USA”) se yon konpayi sosyal ki konstwi òdinatè pòtab nan Buffalo, New York. Yon òganizasyon kominotè ki gen yon atent global, nou fè patenarya ak ajans lokal ak lidè endistri yo pou nou konstwi teknoloji aksesib, responsabilize kominote lokal yo ak mwayen, epi aktive pwosperite sosyal. Rèv nou se pou nou rann teknoloji mobil aksesib pou tout moun sou latè. Bak USA : Fèt nan Buffalo. Konstwi pou lemond. Jwenn plis enfòmasyon sou [www.bakusa.com](http://www.bakusa.com).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418